

Sèvi ak enfòmasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou ou reponn kesyon 1 jiska 5.


Kat ki anba la a montre pozisyon Pak Fosil Penn Dixie ak Pak Thacher nan Eta Nouyòk.

Pak Fosil yo nan eta Nouyòk




Sa gen 400 milyon ane de sa planèt Latè te diferan anpil de jan li ye jodi a. Lanmè yo te kouvri yon gran pati nan Eta Nouyòk. Anviwònman an lè sa a te fòme kouch wòch ki te gen ladan yo fosil òganis lanmè twopikal tankou kokiy brakyopòd, koray, krinoyid (lis lanmè) ak yon kalite eponj lanmè. Pak Fosil Penn Dixie, nan rejyon lwès Nouyòk, ak Pak Thacher, ki chita nan rejyon lès Nouyòk, toude gen egzanp ansyen anviwònman oseyan sa a. Pak Fosil Penn Dixie gen kouch chist ki te depoze nan dlo fon sa gen apeprè 380 milyon ane men ki kounye a ekspoze sou sifas Latè. Pak Thacher fèt ak kouch wòch sedimentè tankou wòch kalkè, grè sab ak chist, ki te kòmanse fòme sa fè apeprè 410 milyon ane de sa poutèt depo sediman yo nan moman nivo lanmè yo t ap chanje. Zòn sa a te fini pa monte, epi konsa ekspoze kouch sa yo ak fosil ki ladan yo.

Kat yo ki anba la a montre kote yo konkli kontinan Amerik Dinò a te ye, kolorye an nwa, pa rapò ak lòt kontinan yo, sa fè 360 milyon ane de sa ak kote kontinan yo ye jounen jodi a.



Sa fè 360 milyon ane



Jounen Jodi a

2 ILS-CBT Sample–Fossil Park Cluster–Haitian Creole

- 1 Ki prèv ki ta ka sèvi pou kore deklarasyon ke Eta Nouyòk te kouvrí ak dlo sa fè apeprè 400 milyon ane de sa?
 - A Ni Pak Penn Dixie ni Pak Thacher gen sifas ewode.
 - B Pak Penn Dixie gen kouch wòch ki gen apeprè menm laj ak sa ki nan Pak Thacher yo.
 - C Ni Pak Penn Dixie ni Pak Thacher gen fosil lanmè nan kouch wòch ki ekspoze yo.
 - D Ni Pak Penn Dixie ni Pak Thacher te sitiye anlè ekwatè a.
- 2 Yo konkli kontinan Amerik Dinò a te deplase sòti kote li te ye sa fè 360 milyon ane de sa pou vini kote li ye jodi a. Bay *yon* (1) prèv ki kore ansyen mouvman plak la. [1]


Prèv: _____

- 3 Pak Fosil Penn Dixie ak Pak Thacher kapab sèvi pou òganize listwa jeyolojik Eta Nouyòk. Ki prèv ki kapab sèvi pou kore deklarasyon sa a?
 - A Analiz kouch wòch yo ak fosil yo nan Pak Penn Dixie ak nan Pak Thacher.
 - B Analiz elevasyon Pak Penn Dixie ak Pak Thacher yo jounen jodi a.
 - C Distans Pak Penn Dixie ak Pak Thacher pa rapò ak ekwatè a.
 - D Distans Pak Penn Dixie ak Pak Thacher pa rapò ak Lak Erie ak Lak Ontario.


3 ILS-CBT Sample–Fossil Park Cluster–Haitian Creole

Koup transvèsal ki anba la a montre fòmasyon wòch yo nan Pak Fosil Penn Dixie ak nan Pak Thacher. Yo montre non kèk nan fòmasyon wòch yo ak tip wòch yo.

Koup Transvèsal Penn Dixie



Koup Transvèsal Pak Thacher



4 ILS–CBT Sample–Fossil Park Cluster–Haitian Creole

- 4 Pwosesis jeyosyans yo chanje sifas Latè a. Entèprete seksyon transvèsal Pak Penn Dixie ak Pak Thacher yo pou idantifye *de* (2) prèv nan nepòt nan koup transvèsal yo ki kore deklarasyon sa a. [1]

1) _____


2) _____

- 5 Soubasman sifas la nan Pak Fosil Penn Dixie ak nan Pak Thacher gen apeprè menm laj jeyolojik la. Idantifye *yon* (1) prèv ki parèt nan toude koup transvèsal yo ki kore deklarasyon sa a. [1]


Sèvi ak enfòmasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou ou reponn kesyon 1 jiska 5.

Foto ki anba la a montre yon aparèy glòb flotan. Se yon glòb metal k ap flote nan lè nan yon pozisyon fiks a yon sèten distans de yon elektwo-eman. Dyagram 1 montre pozisyon elektwo-eman an nan bra anlè aparèy la ak direksyon de (2) fòs, ki make X ak Y, k ap aji sou glòb la pou kenbe li anplas.

Aparèy Glòb Flotan



Dyagram 1




- 1 Ki deklarasyon ki eksplike rezon ki fè glòb metal la ap flote nan lè a nan yon pozisyon fiks nan aparèy glòb flotan an?
 - A Gen chan ant bagay ki atire youn lòt sèlman.
 - B Gen chan ant bagay ki an kontak youn ak lòt.
 - C Gen chan ant bagay ki repouse youn lòt sèlman.
 - D Gen chan ant bagay ki pa an kontak youn ak lòt.

 - 2 An fonksyon de fòs X ak fòs Y, eksplike poukisa glòb metal la rete ap flote nan lè nan yon pozisyon fiks. [1]
-
-


- 3 Gen yon elèv ki ogmante kouran an nan elektwo-eman an, sa ki lakòz glòb la deplase monte, pi pre bra anlè aparèy la. Ki kesyon elèv la t ap envestige?
- A Ki konsekans kantite kouran an genyen sou gwosè fòs mayetik la sou glòb la?
B Ki konsekans kantite kouran an genyen sou direksyon fòs mayetik la sou glòb la?
C Ki konsekans kantite kouran an genyen sou gwosè fòs gravitasyonèl la sou glòb la?
D Ki konsekans kantite kouran an genyen sou direksyon fòs gravitasyonèl la sou glòb la?
- 4 Ki konsekans ogmantasyon kouran an nan elektwo-eman an te genyen sou entansite fòs X ak fòs Y ?
- A Fòs X te diminye e fòs Y pa t sibi konsekans.
B Fòs X te ogmante e fòs Y pa t sibi konsekans.
C Fòs Y te diminye e fòs X pa t sibi konsekans.
D Fòs Y te ogmante e fòs X pa t sibi konsekans.

Modèl yo anba la a montre aparèy glòb flotan an avèk yon kouran ki prale nan elektwo-eman an epi lè yo fin fè kouran an sispann ale nan elektwo-eman an.

Kouran ki Prale nan Elektwo-eman an



Lè Yo Fin Sispann Kouran an



- 5 Avèk prèv w ap pran nan modèl yo, dekri kijan kantite enèji potansyèl nan glòb metal la chanje antan glòb la ap deplase de pozisyon 1 a pozisyon 2.
-
-

Sèvi ak enfòmasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou ou reponn kesyon 1 jiska 5.

Tout senk (5) òganis yo ki anba la a gen karakteristik diferan ou kapab obsève. Resanblans ak diferans anatomik ak anbriyolojik yo ka sèvi pou jwenn ki orijin evolutif yo genyen an komen.



Pwason



Tòti



Poul




Lapen



Imen

(Pa trase selon echèl la)


Devlopman Anbriyon




- Ki sèl estrikti yo jwenn nan premye etap anbriyon yo pou ni lapen an ni tòti an yo pa jwenn nan fòm gramoun yo?
 - karapas
 - ke
 - je
 - fant branchi yo
- Bay de (2) prèv pou kore deklarasyon ki di poul gen relasyon pi pwòch ak lapen pase ak pwason. [1]
 - _____
 - _____

3 ILS–CBT Sample–Organisms Cluster–Haitian Creole

Modèl ki anba la a reprezante zo nan bra yon dinozò ki fin disparèt yo rele *Velociraptor*.



Modèl yo ki anba la a reprezante zo kat (4) òganis ki vivan jounen jodi a.




- 3 Identifie òganis ki vivan jodi a ki gen relasyon pi pwòch ak *Velociraptor* la. Sèvi ak prèv ou pran nan modèl yo pou kore chwa w lan. [1]

Òganis: _____

Prèv: _____


Sekans kouch wòch ki anba la a montre prèv sis (6) diferan fòm lavi, ki te egziste pandan yon peryòd an patikilye nan listwa Latè.

**Seri Kouch kote
yo Jwenn Fosil yo**



(Pa trase selon echèl la)

4 Kilès nan sekans fosil yo ki montre lòd kwonologik kòrèk aparisyon fosil yo de pi ansyen a pi jèn?



5 Ki deklarasyon ki pi byen kore ak prèv yo montre a nan sekans kouch wòch yo?

- A Kouch wòch 4 montre prèv divèsite nan yon peryòd listwa Latè.
- B Òganis yo te vin disparèt anvan kouch wòch 6 te fòme.
- C Toulè sis (6) òganis yo egziste kounye a sou Latè.
- D Pa t gen chanjman nan fòm lavi yo pandan listwa Latè.